

• KONPILASYON ECHANTIYON BILTEN VOT •

Echantyon Bilten Vot Miks

5 novanm 2024

Konte Orange, Florida

Echantyon bilten vot miksa a montre TOUT kandida nan eleksyon sa a elektè ki anrejistre nan Konte Orange County, Florida ka vote. Bilten vot aktyèl la ap genyen sèlman konkou ki konsène biwo vot yo. Dokiman sa a se pou referans sèlman!

- Enstriksyon:**
- Pou vote, ranpli konplètman pati oval (●) ki bò kote kandida ou chwazi a. Itilize yon plim nwa.
 - Si w fè yon erè, mande yon lòt bilten vot. Pa pase trè osinon vot ou ka pa konte.
 - Pou vote pou yon kandida, ranpli pati oval la epi ekri non an byen klè ak lèt detache sou liy vid yo prewva pou kandida ki enskri a.

Biwo Federal Patizan	Reprezantan Eta a Distri 35 (Vote pou 1 sèl moun)	Tribinal Apèl Sizyèm Distri
Prezidan ak Vis Prezidan (Vote pou 1 sèl moun)	<input type="radio"/> Donald J. Trump JD Vance REP <input type="radio"/> Kamala D. Harris Tim Walz DEM <input type="radio"/> Chase Oliver Mike ter Maat LPF <input type="radio"/> Claudia De la Cruz Karina Garcia PSL <input type="radio"/> Randall Terry Stephen Broden CPF <input type="radio"/> Peter Sonski Lauren Onak ASP <input type="radio"/> Jill Stein Rudolph Ware GRE <hr/> <input type="radio"/> Ekri alamen	<input type="radio"/> Erika Booth REP <input type="radio"/> Tom Keen DEM <hr/> Reprezantan Eta a Distri 37 (Vote pou 1 sèl moun) <input type="radio"/> Susan Plasencia REP <input type="radio"/> Nate Douglas DEM <hr/> Reprezantan Eta a Distri 39 (Vote pou 1 sèl moun) <input type="radio"/> Doug Bankson REP <input type="radio"/> Marsha Summersill DEM <hr/> Reprezantan Eta a Distri 40 (Vote pou 1 sèl moun) <input type="radio"/> Belinda Ford REP <input type="radio"/> LaVon Bracy Davis DEM <hr/> Reprezantan Eta a Distri 42 (Vote pou 1 sèl moun) <input type="radio"/> Gregory Pull REP <input type="radio"/> Anna V. Eskamani DEM <hr/> Reprezantan Eta a Distri 43 (Vote pou 1 sèl moun) <input type="radio"/> Joseph "Joe" Melendez REP <input type="radio"/> Johanna Lopez DEM <hr/> Reprezantan Eta a Distri 45 (Vote pou 1 sèl moun) <input type="radio"/> Carolina Amesty REP <input type="radio"/> Leonard Spencer DEM <hr/> Reprezantan Eta a Distri 47 (Vote pou 1 sèl moun) <input type="radio"/> Paula A. Stark REP <input type="radio"/> Maria Revelles DEM <hr/> Biwo Konte Patizan Eleksyon Espesyal Sipèvizi Eleksyon yo (Vote pou 1 sèl moun) <input type="radio"/> Karen Castor Dentel DEM <input type="radio"/> Sunshine Linda-Marie Grund DEM <input type="radio"/> Dan Helm DEM <input type="radio"/> Wes Hodge DEM <hr/> Biwo Jidisyè Endepandan Lakou Siprèm Florida <p>Eske yo dwe kenbe Renatha Francis Jij Tribunal Siprèm lan an fonksyon?</p> <p><input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non</p> <hr/> Sipèvizi Distri a nan Zafè Konsèsyon Tè ak Dlo Syèj 2 (Vote pou 1 sèl moun) <input type="radio"/> Jimm Middleton <input type="radio"/> Jim Moyer <input type="radio"/> Vicki Vargo <hr/> Sipèvizi Distri a nan Zafè Konsèsyon Tè ak Dlo Syèj 4 (Vote pou 1 sèl moun) <input type="radio"/> Karolyn C. Campbell <input type="radio"/> Dena Krueger
Senatè Etat Distri 13 (Vote pou 1 sèl moun)	<input type="radio"/> Keith Truenow REP <input type="radio"/> Stephanie L. Dukes DEM	<p>Eske yo dwe kenbe Renatha Francis Jij Tribunal Siprèm lan an fonksyon?</p> <p><input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non</p>
Senatè Etat Distri 25 (Vote pou 1 sèl moun)	<input type="radio"/> Jose Martinez REP <input type="radio"/> Kristen Arrington DEM	<p>Eske yo dwe kenbe Meredith Sasso Jij Tribunal Siprèm lan an fonksyon?</p> <p><input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non</p>

• KONPILASYON ECHANTIYON BILTEN VOT •

Amandman Konstitisyonèl	NIM. 4 - Amandman Konstitisyonèl Atik 1, Nouvo Seksyon	Kesyon sou Konte a
NIM. 1 - Amandman Konstitisyonèl Atik IX, Seksyon 4 ak Atik XII	Amannman pou Limite Entèferans Gouvènman nan Kesyon Avòtman Okenn lwa pa dwe entèdi, penalize, retade, oswa limite avòtman anvan vyabilite oswa lè sa nesesè pou pwoteje sante pasyan an, daprè jan founisè swen sante pasyan an détémire sa. Amannman sa a pa chanje otorite konstitisyonèl Lejislati a pou li egzije notifikasyon a yon paran oswa gadyen anvan yon minè fè yon avòtman. Pwopozisyon amannman an ta lakoz byen plis avòtman ak mwens nesans chak ane nan Florid. Ogmantasyon avòtman ta ka menm pi gran si amannman an anile lwa ki egzije konsantman paran anvan moun ki minè yo fè avòtman e lwa ki garanti ke se sèlman doktè ki gen lisans ki fè avòtman. Genyen ensètitid tou sou si amannman an va egzije pou Eta a sibvansyone avòtman avèk fon publik. Litij pou rezoud ensètitid sa yo ak lòt ankò va lakoz depans adisyonèl pou gouvènman Eta a ak tribal Eta yo, sa va gen enpak negatif sou bidjè Eta a. Yon ogmantasyon avòtman ka gen yon efè negatif sou kwasans revni Eta a ak revni lokal yo amezi gen tan ki ap pase. Akoz enpak fiskal ogmantasyon avòtman an sou revni e depans Eta ak sou revni e depans lokal yo pa kapab estime avèk presiyon, enpak total pwopozisyon amannman an endetèmine.	Amandman Manman Lwa Konte #1 Amandman k ap Egzaminen Pwosesis Petisyon Inisyativ Manman Lwa Konte Orange lan Egzaminen pwosesis petisyon inisyativ konstitisyon an nan bese egzijans petisyon pou amandman manman lwa an soti nan 10 pousan votè ki anrejistre nan chak distri komisyon an pou rive nan 5 pousan nan chak distri komisyon an, ak pou ôdonans soti nan 7 pousan nan chak distri pou rive nan 3 pousan nan chak distri; retire pwosedi pou retire siyati; ak egzaminen deklarasyon sou enpak finansye, odyans publik, revizyon legal, ak deklarasyon sou sèman pou petisyon an. Estimasyon enpak finansye: \$7,000 ekonomi pou chak kesyon vot yo pwopoze. <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non
Eleksyon Manm Konsèy Eskolè Distrik sou Baz Pati Politik Pwopoze amannman nan Konstitisyon Eta a pou egzije manm konsèy eskolè yon distrik pou yo eli nan yon eleksyon sou baz pati politik olye de yon eleksyon non-patizan epi pou presize ke amannman an aplike sèlman pou eleksyon ki fèt nan eleksyon jeneral mwa novanm 2026 la oswa apre. Sepandan, eleksyon primè patizan ka fèt anvan eleksyon jeneral 2026 la nan objektif pou nonmen kandida pati politik yo pou pozisyon sa a pou plase non yo nan bilten vot eleksyon jeneral 2026 la. <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non	ENPAK FINANSYE AMANNMAN SA A PA KA DETÈMINE AKOZ ANBIGUITE AK ENSÈTITID KI ANTOURE ENPAK AMANNMAN AN.	Amandman Manman Lwa Konte #2 Amandman Manman Lwa Konte Orange ki Egzije pou Kontinye Gen Fon Fidisyè ki Disponib pou Lojman Abòdab Amande Manman Lwa Konte a pou mande pou kontinye gen yon Fon Fidisyè ki Disponib pou Lojman Abòdab yo itilize pou kreye ak prezève lojman abòdab, yo ka finanse avèk frè ki soti nan nouvo devlopman komèsyal ak rezidansyèl ak lòt sous, tout sa ap fèt dapre direktiv Komisyun Konte a, epi pou etabli rezon, sous revni, apwobasyon ak depans fon, odit anyèl, nati pou kontinye, aplikasyon pa ôdonans, administrasyon, ak sipèvizon Fon Fidisyè a. Enpak ki pa finansye. <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non
NIM. 2 - Amandman Konstitisyonèl Atik I, Seksyon 28 Dwa pou fè Lapèch ak Lachas Pwopoze yon amannman nan Konstitisyon Eta a pou prezèv lapèch ak lachas pou tout tan, menm atravè itilizasyon metòd tradisyonèl tou, kòm yon dwa publik ak mwayen preferé pou jere e kontwole pwason ak lavi bêt sovaj yon fason ki responsab. Li presize ke amannman an pa limite otorite ki akòde a Komisyun Konsèvasyon Pwason ak Lavi Bêt Sovaj daprè Seksyon 9 Atik IV Konstitisyon Eta a. <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non	NIM. 5 - Amandman Konstitisyonèl Atik VII, Seksyon 6 ak Atik XII Ajisteman Ànyèl sou Valè Sèten Egzanpsyon Pwopriyete Rezidansyèl Pwopoze yon amannman nan Konstitisyon Eta a pou egzije yon ajisteman ànyèl pou enfasyon sou valè egzanpsyon aktiyèl oswa alavni sou pwopriyete rezidansyèl ki aplike sèlman sou prelevman yo ki pa konsène prelevman distri eskolè, epi si tout moun ki genyen yon tit legal oswa ekitab sou yon byen imobile e ki mentni rezidans pèmanan pwopriyèt a nan pwopriyèt a, oswa rezidans yon lòt moun ki depann legalman oswa natirèlman de pwopriyèt a, elijib pou egzanpsyon sa yo. Amannman sa a va antre an vigè 1ye janvye 2025. <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non	Amandman Manman Lwa Konte #3 Efè Enskripsyon Kandida yo sou Kalandriye Eleksyon Responsab Manman Lwa yo Amande Manman Lwa Konte Orange lan pou etabli nan eleksyon pou pòs pou Manman Lwa yo (akyèlman la a ki se Majistra ak Komisè Konte a), kandida ki enskri alamen yo pa dwe konte nan kantite kandida ki kalifye (twa (3) oswa plis) ki nesesè pou deklanche yon eleksyon nan primè mwa out la. Enpak ki pa finansye. <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non
NIM. 3 - Amandman Konstitisyonèl Atik X, Seksyon 29 Adilt ka Fè Itilizasyon Pèsonèl Mariwana Pèmèt adilt 21 ane oswa plis posede, achte oswa itilize divès pwodui mariwana ak akseswa mariwana pou konsomasyon pèsonèl non-medikal pa mwayen fimen, absòbsyon oswa otreman; pèmèt Sant Tretman avèk Mariwana Medikal, ak lòt antite ki lisansye nan nivo Eta a, pwokire, kiltive, trete, fabrike, vann ak distribye pwodui ak akseswa sa yo. Aplike nan lwa Florid pa chanje, oswa iminize vyolasyon lwa federal. Etabli limit posesyon pou itilizasyon pèsonèl. Pèmèt kreyasyon lwa ki konsistan. Defini tèm. Prevwa dat antre an vigè. Enpak finansye amannman an soti prensipalman nan pèsepsyon taks sou lavant yo espere rantre. Si lavant mariwana non-medikal legal jodiya, li ka sjè a taks sou lavant e li ka rete konsa si votè yo apwouve amannman sa a. Daprè eksperians lòt Eta, lavant an detay mariwana non-medikal yo prevwa a ka jenere omwen \$195.6 milyon pa ane nan revni taks sou lavant nan nivo Eta a ak gouvènman lokal, yon fwa mache lavant an detay la ap fonksyon konplètman, menmsi lè pou sa reyalize a pa klè. Daprè lalwa aktiyèl, kad lejislatif ki egziste kounyeya pou mariwana medikal la aboli sis mwa apre dat antre an vigè amannman sa a ki afekte fason amannman sa a va antre an aplikasyon. Yon nouvo estritti regilatwa pou itilizasyon medikal ak itilizasyon non-medikal mariwana va nesesè. Nou pa kapab konnen konsepsyon li konplètman ijkaske lejislati a aji; sepanan, frè reglementè yo petèt va balanse depans reglementè yo. Nou pa kapab predi lòt depans ak ekonomi potansyèl. YO ESTIME PWOPOZISYON AMANNMAN KONSTITISYONEL SA A VA GEN YON ENPAK POZITIF NÉT SOU BIDJÈ ETA A. ENPAK SA A KA KOZE KREYASYON REVNI ADISYONEL OSWA YON OGMENTASYON NAN SÈVIS GOUVÈNMAN AN. <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non	NIM. 6 - Amandman Konstitisyonèl Atik VI, Seksyon 7 Abolisyon Egzijans Finansman Publik pou Kanpay Pwopoze abolisyon pwovizyon nan Konstitisyon Eta a ki egzije finansman publik pou kanpay kandida pou pòs elektif nan tout Eta a ki dakò avèk limit depans kanpay. <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non	Amandman Manman Lwa Konte #4 Amandman Manman Lwa Konte Orange lan ki Egzije Adopsyon yon Zouti Analiz Dirabilitè Fiskal Amande Manman Lwa Konte a pou mande anvan mwa oktòb 2025, Konte a dwe adopte yon metodoloji ak yon pwosesis analiz dirabilitè fiskal pou pèmèt Konte a evalye enpak agrandisman Zòn Sèvis Iben yo pwopoze yo ak devlopman nan Etablissement Rival ak Zòn Sèvis Rival yo pwopoze sou Kapasite Konte a pou bay ak kenbe enfrastrikti ak sèvis yon fason efikas pandan periyòd planifikasyon ki pi long nan Plan Global Konte a. Estimasyon enpak finansye kontwòlè a: Enpak finansye endetèmine. <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non
		Amandman Manman Lwa Konte #5 Amandman Manman Lwa Konte Orange ki Tabli Biwo Pwokirè Konte a Amande Manman Lwa Konte Orange lan pou tabli yon pòs Pwokirè Konte a, ki pral konseye legal anchè Konte a, Majistra Konte a ap nonmen epi yon majorite nan Komisyun Konte a anplen pral konfime, Majistra Konte a oswa yon majorite nan Komisyun Konte a anplen ap revoke. Enpak ki pa finansye. <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non

Amandman Manman Lwa Konte #6	Amandman Manman Lwa Konte #9	
Amandman Manman Lwa Konte Orange lan ki Ogmane Kantite Distri Komisyun Konte a Amande Manman Lwa Konte Orange lan pou ogmante kantite distri Komisyun Konte a soti nan sis (6) distri yon sèl manm pou rive nan uit (8) distri yon sèl manm, sa ki vin rann Komisyun Konte ki gen nèf (9) manm (uit (8) Komisè ak Majistra Konte a) apati Eleksyon Jeneral 2026 la, pandan l ap asire limit manda Komisè Konte yo ap kontinye aplike lè tranzisyon nan uit (8) distri yo. Estimasyon enpak finansye a: Depans yon Sèl Fwa - \$2.6 milyon; Depans Renouvlab Chak Ane - \$1.3 milyon. <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non	Amandman Manman Lwa Konte Orange ki Tabli Limit Riral ak Zòn Riral ("Zòn") Etabli yon Zòn Riral (tèren ki pa teren iben ki sitiye andeyò Zòn Sèvis Iben Konte a, zòn planifikasyon minisipal konjwen, Sant Kwasans, Rekovremar Vwa Innovasyon, Vilaj Orizon Lwès, ak Zòn Ekspansyon Boggy Creek nan dat l ap anvigè a) kote amandman plan konplè Konte a ogmante dansite oswa entansite, ak òdonans ki retire tè nan Zòn Riral la, se yon vot alinanimité-plis-youn tout manm Komisyun Konte a ki dwe apwouye l. <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non	
Amandman Manman Lwa Konte #7	Amandman Manman Lwa Konte #10	
Amandman Manman Lwa a Kreye Komisyon Konsilitatif pou Mobilite Transpò Amande Manman Lwa Konte Orange lan pou kreye yon Komisyon Konsilitatif pou Mobilite Transpò ki gen pouwva pou l organize odyans piblik epi bay Komisyun Konte a rekòmandasyon sou: (1) pwopozisyon depans pou rezon transpò anvan yo mete yo nan bidjè anyèl Konte yo pwopoze a; (2) inovasyon transpò ak mobilite; epi (3) egzaminen depans transpò ki pase yo; epi asire nominasyon Komisyun Konte a, finanse depans fonksyonman, òganizasyon, ak asistans anplwaye yo. Estimasyon enpak finansye kontwolè a: li koute \$725,000 chak ane. <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non	Amandman Manman Lwa Konte Orange ki Tabli Yon Pwosesis Pou Anèks Minisipal Volontè ak Itilizasyon Tè nan Zòn Riral yo Amande Manman Lwa Konte a pou tabli yon pwosesis pou anèks minisipal volontè epi asire plan konplè ak règleman pou developman tè nan Konte Orange aplike sèlman nan zòn riral yo lè tè yo vin afilye apresa nan yon minisipalite, Konte Orange ki gen otorite pou apwouye oswa refize afilyasyon volontè atravè yon vot afirmatif ki pa depase yon majorite plis yon (1) vot nan tout komisyun konte a. <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non	
Amandman Manman Lwa Konte #8	Referandòm sou Taks Eskolè Anplis	
Vòt Alinanimité Komisyon Konte a pou Elimine oswa Chanje Itilizasyon "Tè Konte a Pwoteje" Amande Manman Lwa Konte Orange lan pou defini "Tè Konte a Pwoteje" tankou pak piblik ak zòn lwazi Konte a posede (an antye oswa an pati), eksplwate, oswa gen responsabilite pou fè antretyen yo, ak tè ekolojik ki sansib Konte a achte pou rezon anviwòmantal, ekolojik, oswa lwazi; epi egzije pou nenpòt mezi Komisyon Konte a pran pou otorize dispozisyon Tè Konte a Pwoteje oswa chanjman itilizasyon, se yon vot alinanimité-plis-youn Komisyon Konte a ki dwe apwouye l. Enpak ki pa finansye. <input type="radio"/> Wi <input type="radio"/> Non	Taks Anplis sou Lavant Mwatye-Yon-Santim pou Konstriksyon, Amelyorasyon, Acha Tè, ak pou Mete Teknoloji nan Etablisman Eskolè yo Èske Komisyon Eskolè Konte Orange, Florida a ap kontinye yon taks anplis sou lavant mwatye-yon-santim lan pou finanse konstriksyon, rekonstriksyon ak amelyorasyon etablisman eskolè yo, ak acha tè, amelyorasyon tè ak plan ak depans pou enjeniri, ki gen ladan nenpòt dèt, ak depans pou modernize ak mete teknoloji anplas, apati 1ye janve 2026 ak fini 31 desanm 2035, pataje yon fason pwopòsyonèl ak lekòl endependan jan lalwa egzije sa, avèk sipèvizon san kanpe yon komite sitwayen endependan? <input type="radio"/> Pou yon mwatye taks <input type="radio"/> Kont yon mwatye taks	